

LYNN PUBLIC SCHOOLS

James Leo McGuinness Biling Administrasyon – 100 Bennett Street, Lynn, MA 01905
Tel. (781) 593-1680 ~ Faks. (781) 477-7487



Patrick A. Tutwiler, PhD
Siveyan Jeneral Lekòl yo

26 Mas 2021

Chè Fanmi Lynn Public Schools yo,

M ap ekri w avèk dènye nouvèl yo konsènan plan pou gen plis elèv k ap aprann fasafas. Semèn pase, nou te ba w yon kalandriye avèk dat presi ki lè tèl kalite elèv pral tounen. Depi lè sa a, nou te chèche kontribisyon nan men w e nou te rafine plan nou yo. Gen 2 chanjman nou pote nan plan nou yo, nou swete w ap apresye yo.

Premyèman, mwen ta renmen raple tout fanmi yo, ann amoni ak direksyon Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (DESE) bay, nenpot fanmi gendwa chwazi kontinye aprann a distans pou rès ane lekòl la. Elèv ki chwazi kontinye aprann a distans yo pral kontinye jwenn ansèyman layv ak sipò. Si yon fanmi chwazi kontinye aprann a distans, sa pap gen yon efè sou kapasite elèv la genyen pou l pase e pou l fè pwochèn klas la lòt ane oswa pou l gradye nan lekòl segondè. Pou fanmi ki chwazi ansèyman fasafas pou rès ane lekòl la, mwen ta renmen pataje mizajou ki vin apre yo:

- Kounye a, kindègadenn (AM/PM), premye ak 2yèm ane yo pral kòmanse 5 jou ansèyman fasafas chak semèn apati 5 avril.
- 3yèm ane rive nan 5yèm ane yo pral kòmanse avèk 5 jou ansèyman fasafas apati 12 avril.
- Pa gen chanjman nan kalandriye lekòl entèmedyè ak lekòl segondè yo pou ansèyman fasafas.

Nou kontan anpil nou pral avanse kalandriye a pou kòmanse ansèyman fasafas 5 jou chak semèn pou tout elèv elemantè yo. Men tou, sa mande plis planifikasyon ak preparasyon, bagay n ap fè avèk tout efò nou. Ou mèt sèten lekòl elèv ou pral voye plis kominikasyon pou ou. Mwen te vle voye enfòmasyon sa a pou ou pi vit posib pou pèmèt ou planfiye pou sa. Pou fè bagay yo pi fasil pou ou, mwen ajoute grafik ki gen kalandriye a pou tout lekòl yo, ansanm ak orè yo. Kòm toujou, tanpri, kontakte lekòl pitit ou si w gen kesyon oubyen enkyetid.

Avèk respè,
Patrick Tutwiler, PhD

Kalandriye pou Tranzisyon nan Ansèyman Fasafas - MIZAJOU	
ELEMANTÈ	
Dat	Klas/Gwoup
MWA AVRIL	
1 Avril	Kindègadenn, AM/PM
Tout pwogram ki pi ba yo pral asiste fasafas <u>5</u> jou chak semèn, sof si gen yon lòt enstriksyon	
5 Avril	Premye ak 2yèm ane elemantè Kindègadenn AM/PM
7 Avril	Fallon Tout klas
12 Avril	3yèm a 5yèm ane yo

Kalandriye pou Tranzisyon nan Ansèyman Fasafas - Pa gen Chanjman	
LEKÒL ENTÈMEDYÈ AK LEKÒL SEGONDÈ	
Dat	Klas/Gwoup
MWA AVRIL	
Tout pwogram ki pi ba yo pral asiste fasafas <u>2</u> jou chak semèn, sof si gen yon lòt enstriksyon	
5 Avril	LVTI Shop Rotations (Woulman Chòp) – 11yèm ane
12 Avril	6yèm a 8yèm ane yo, avèk 9yèm ak 10yèm ane yo LVTI Shop 9yèm ak 12yèm ane yo LVTI Core Academic (Akademi de Baz) 10yèm ak 11yèm ane yo Fecteau-Leary Tout klas
MWA ME	
3 Me	11yèm ak 12yèm ane yo
Tout pwogram ki pi ba yo pral asiste fasafas <u>5</u> jou chak semèn, sof si gen yon lòt enstriksyon	
10 Me	Tout lekòl entèmedyè yo

Orè Lekòl yo

Elemantè	Entèmedyè	Lekòl Segondè
<p><u>Elemantè Bonè: 7:45 - 12:45</u> (Callahan, Cubbies Den (LVTI), Drewicz, Fallon, Ford, Harrington, Ingalls, Sisson, Washington) Pre-K (Pre-Kindègadenn) ak Kindègadenn: AM 7:45am – 10:00am PM 11:30am – 1:45pm</p> <p><u>Elemantè Ta: 8:15 - 1:15</u> (Aborn, Brickett, Cobbet, Connery, Hood, Lincoln Thomson, Lynn Woods, Sewell Anderson, Shoemaker, Tracy) Pre-K ak Kindègadenn: AM 8:15am – 10:30am PM 12:00pm – 2:15pm</p>	<p>Breed: 7:30 - 1:00 Marshall: 7:45 - 1:15 Pickering: 7:45 - 1:15</p>	<p>English, Classical, LVTI ak Fecteau-Leary: 7:45 - 1:30</p>